

PWOMÈS AN AKSYON

BILTEN OFISYÈL EVANSVILLE PROMISE NEIGHBORHOOD



PWOGRAM FAIR SHOT

Nan **HOPE of Evansville**, fanmi yo jwenn yon bon chans pou vin gen konfyans finansyèman. Chak de mwa, vwazen yo aprann kijan pou jere bidjè yo, amelyore kredi yo, epi pran etap ki mennen yo vin pwopriyetè kay.

Klas yo fèt chak **mèkredi** sou jesyon lajan, epi **jedi** yo sou kredi ak achte kay — tout dirije pa konseye lojman ak ekspè lokal yo. Moun ki fini toude sesyon yo kapab jwenn yon antrenè finans pèsònèl. Sa fè **Fair Shot** vin plis pase yon kou — li se yon chemen pou estabilite finansyè.

Pou plis enfòmasyon, eskane kòd QR ki dèyè a oswa rele (812) 423-3169.



PWOGRAM ASISTANS POU PEMAN KAY LA

Achte yon kay se youn nan pi gwo etap yon fanmi ka pran — epi **HOPE of Evansville** la pou ede w reyalize rèv sa a.

Avèk **Pwogram Asistans pou Achte Kay**, fanmi ki kalifye yo ka jwenn jiska **\$15,000** pou ede ak peman inisyal la sou yon kay ki nan limit vil Evansville

Anplis fòmasyon sou edikasyon finansyè ak konsèy sou lojman, pwogram nan asire fanmi yo pa sèlman achte kay, men yo prepare pou reyisi kòm pwopriyetè.

Pou plis enfòmasyon, eskane kòd QR ki dèyè a oswa rele (812) 423-3169.

FÈ CHANJMAN DEPI KOULYE A

Sezon otòn sa a, elèv nan lekòl patnè **Evansville Promise Neighborhood (EPN)** yo ap reve gwo rèv atravè pwojè **ChangeLab** yo — ap pran ide klas yo pou fè plan reyèl pou amelyorasyon lekòl yo.

Nan **Evans Elementary**, plis pase 300 elèv te pataje ide yo nan jounal, prezante yo nan yon asanble lekòl epi vote pou pi bon pwojè a: yon **renovasyon lakou rekreyasyon**! Kounye a, klas yo ap travay pandan lè SEL yo pou devlope plan yo, epi gen plan pou yo fè yon vizit nan diferan espas jwèt epi patisipe nan yon atelye ak **Center for Innovation and Change (CIC)** nan University of Evansville

Delaware Elementary te swiv menm pwosesis la, kolekte plis pase 300 ide epi kreye yon “gwoup travay” ki gen anbasadè ak reprezantan chak klas. Yo te chwazi yon **renovasyon lakou rekreyasyon** tou, epi yo pral byento konsilte ak CIC pou ede devlope plan yo.


Nan **Lodge Community School**, fanmi yo te patisipe nan yon “Sware Paran ak Elèv” pou pataje ide, epi votasyon an ap fèt byento. **Lincoln** ak **Glenwood** deja ranmase ide elèv yo sou kat epi yo pral vote byento.

Finalman, **Bosse High School** ap kòmanse premye etap planifikasyon pwojè pa yo, epi plis nouwèl ap vini byento.

Depi nan premye ide yo rive nan kolaborasyon ak patnè kominotè yo, chak lekòl EPN ap montre elèv yo vwa yo konte — **epi gwo rèv yo ka tounen chanjman reyèl.**

**“Yon fwa elèv yo
aprann fòmil pou
kreye chanjman,
syèl la se limit la”**

**- Lauren Hartmeyer,
Vice Principal of Evans School**





TI EAGLETS YO PRAN VÒL POU ALE NAN JADENDANFAN


Dream Center Evansville ap ouvè pòt pou pi piti timoun nan Jacobsville yo lè li ofri **Pre-K gratis**. Dis elèv deja enskri pou ane lekòl **2025-2026!**

Avèk pwogram **Eaglets** la, timoun yo aprann lèt, chif, fòm ak koulè—pandan y ap pratike tandè, pataje ak rakonte istwa. Eksperyans sa yo prepare yo akademikman, sosyalman, ak emosyonèlman pou antre nan lekòl ak konfyans ak kè kontan.

KINDERGARTEN BLITZ: VIN PI FÒ CHAK ANE

Nan mwa Out, **EVSC** te òganize dezyèm **Kindergarten Blitz** li, yon tradisyon ki pote sakado ak yon bèl akey pou nouvo elèv jadendanfan yo. Volontè ki soti nan EVSC, EPN ak lòt òganizasyon kominotè te vizite fanmi nan katye a pou distribye sakado ki gen materyèl lekòl ak resous, pou chak timoun ka kòmanse ane a avèk konfyans.

Efò a ap grandi chak ane. Ane pase a, yo te distribye **184 sakado**; ane sa a, kantite a monte a **205**. Chak sakado te pèsonealize ak non timoun nan ak non lekòl li, sa ki kreye yon premye koneksyon ant fanmi yo ak kominote a ki pral sipòte yo pandan tout wwayaj edikatif yo.



BADJ, GWO RÈV, AK JA NAN YON JOU

Evans Elementary te òganize **JA nan Yon Jou**, kote **Junior Achievement of Southwestern Indiana** te envite lidè lokal yo pou anseye elèv yo sou edikasyon finansyèl, antreprenarya, ak karyè. Olye pou yo te fè kou yo chak semèn, elèv yo te fini tout sesyon yo nan yon sèl jou—sa te bay anpil enèji ak eksitasyon nan lekòl la.

Majistra Stephanie Terry te ankouraje elèv yo pou swiv rèv yo, pandan **Chèf Phil Smith** te vizite klas Madam Pflug nan katriyèm ane pou pale sou resous natirèl ak karyè nan lavni. Pandan li t ap soti, li te rankontre Creed, yon ti gason senk an ki reve vin yon polisye. Creed te fyè pou kenbe badj Chèf la—epi li te fè l pwomèt li t ap tounen pou manje midi avè l.

POU APRANN PLIS

Eskane kòd QR a sou bò dwat la pou swiv nou sou rezo sosyal epi rantr nan lis imel nou. Rete kouran de evènman, resous, ak nouvèl nan katye a—pa rate sa!




PWOGRAM FAIR SHOT



PWOGRAM ASISTANS POU PEMAN KAY LA



DREAM CENTER EAGLETS PRE-K



MÈSI

Pou tout patnè kominotè nou yo ak tout moun ki sipòte nou.

